Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL AKEYI ESPEKTATÈ MONDYAL YO NAN PAK ETA BETHPAGE – 'THE PEOPLE'S COUNTRY CLUB' – POU RYDER CUP 2025 LA

Enpak ekonomik konpetisyon entènasyonal la sou tout eta a prevwa depase 200 milyon dola

Yo te mete aksan sou endistri lwazi, touris ak agrikilti eta a nan evènman an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York pral akeyi plis pase 250,000 espektatè nan Pak Rta Bethpage (Bethpage State Park) nan Long Island pandan 45è Ryder Cup la. Evènman entènasyonal istorik sa a, k ap dewoule soti 23 rive 28 septanm, kontinye patenarya solid ant Eta Nouyòk ak PGA of America a. Match bi-anyèl (de fwa chak ane) la ant Ekip Etazini ak Ekip Ewòp la, ki vann tout tikè, prevwa pral jenere plis pase 200 milyon dola nan enpak ekonomik nan tout eta a.

"Nouyòk fyè pou l òganize Ryder Cup 2025 la nan Bethpage Black epi akeyi fanatik ki soti toupatou nan mond lan pou yo fè eksperyans tout sa Long Island ak Eta Nouyòk gen pou ofri", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se yon gwo distenksyon ke yo chwazi PGA of America, yon teren gòlf nan Pak Eta (State Park) pou konpetisyon klas mondyal sa a. Anplis eksitasyon sou teren an, vizitè yo pral gen opòtinite pou yo eksplore rejyon Long Island-Vil Nouyòk la, kote yo ka fè eksperyans restoran, amizman ak atraksyon kiltirèl klas mondyal tout pandan y ap sipòte biznis lokal yo ki fè zòn sa a tèlman vibran. Soti nan moniman ikonik ak spektak Broadway nan vil Nouyòk rive nan plaj, etablisman diven ak vil istorik selèb nan Long Island yo, Ryder Cup la bay fanatik yo yon pòtay pou yo fè eksperyans tout sa ki fè yo deklare, 'I LOVE NY!'"

Direktè Ryder Cup la, Bryan Karns, te deklare, "Òganizasyon Ryder Cup 2025 la nan Long Island make yon etap enpòtan nan listwa prèske 100 ane pi gwo evènman gòlf ekip la. Eta Nouyòk la ofri yon sèn klas mondyal, epi nou rekonesan pou sipò Gouvènè Hochul la. Plizyè milye patisipan pral byento fè eksperyans tout sa kominote sa a gen pou l ofri ak eksitasyon konpetisyon match sou youn nan teren gòlf ki pi anblematik nan mond lan, Bethpage Black."

Baze sou siksè gwo evènman gòlf ki sot pase yo, tankou Ryder Cup 2021 an nan Wisconsin ak Chanpyona PGA 2023 la nan Oak Hill Country Club, otorite yo prevwa ke Ryder Cup 2025 la pral gen plis pase 200 milyon dola nan enpak ekonomik. Depi lè Eta

Nouyòk te jwenn evènman an pou Pak Eta Bethpage an 2013, PGA of America, ansanm ak anplwaye eta yo ak patnè yo, te pase plizyè ane ap planifye pou asire yon eksperyans klas mondyal sou teren gòlf piblik la. PGA a fè remake ke Ryder Cup 2025 la pral pi gwo evènman nan istwa konpetisyon an, li pral bati sou prèske yon syèk tradisyon depi premye edisyon li an 1927. Avèk plizyè dizèn ane eksperyans nan òganize twa gwo chanpyona ak match eliminatwa PGA Tour yo, Bethpage ap prepare pou sa PGA a rele "pi gwo aktivite pou yon evènman gòlf" nan sa yo rele "The People's Country Club".

Pwojè konstriksyon Ryder Cup la, ki te planifye pandan plis pase 60 mwa epi ki te lanse 19 me 2025, se pi gwo pwojè ki janm fèt, li enkli 325,160 mèt kare (3.5 milyon pye kare) estrikti tanporè, 148,644 mèt kare (1.6 milyon pye kare) platfòm, 6,874 mèt kare (74,000 pye kare) espas komèsyal pou vann an detay, 350 tant, 20 zòn aterisaj elikoptè, 950 twalèt pòtab, ak yon estad premye depa ki gen 5,000 plas, ak plis pase 32,186 km (20 mil) kòd ak kloti.

Komisè Enterimè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik nan Eta Nouyòk la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Randy Simons, te deklare, "Ryder Cup la plis pase yon konpetisyon klas mondyal, se yon selebrasyon pou moun ki rann li posib. Nan Bethpage State Park, anplwaye devwe nou yo fyè dèske yo pran swen 'The People's Country Club', pou asire ke jwè gòlf yo ak fanatik ki soti toupatou sou latè ap jwi yon eksperyans inoubliyab. Òganize youn nan pi gwo evènman gòlf yo mete aksan sou kijan Pak Eta yo pa sèlman anrichi lavi, men tou, yo bay kominote Nouyòk yo gwo benefis ekonomik. Nou gen onè pou nou asosye avèk PGA of America ansanm ak patnè eta ak lokal nou yo pandan n ap akeyi lemonn antye nan sèn ekstrawòdinè sa a."

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, kolaborasyon Eta Nouyòk ak PGA of America a ap kontinye pandan dis ane k ap vini yo. Semèn pase a, Gouvènè Hochul te anonse ke Pk Eta Bethpage pral òganize Chanpyona PGA pou Fanm KPMG 2028 la ak Chanpyona PGA 2033 a. Oak Hill Country Club andeyò Rochester pral akeyi Chanpyona PGA 2035 la tou, senkyèm fwa li òganize evènman an.

Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Se yon privilèj pou nou òganize 45è Ryder Cup la, epi Eta Nouyòk kontan akeyi fanatik ki soti toupatou nan peyi a ak atravè lemond nan Long Island. Gwo evènman tankou sa a atire anpil foul moun domestik ak entènasyonal ki sipòte restoran, otèl ak ti biznis nan rejyon an, epi ki ede jenere dividann pou ekonomi touris eta a. Anplis, se yon opòtinite pafè pou montre tout atraksyon, endistri ak eksitasyon Eta Nouyòk gen pou l ofri, alafwa pou patisipan yo ak pou odyans difizyon mondyal la."

Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare, "Òganize Ryder Cup la nan Pak Eta Bethpage se yon opòtinite ekstrawòdinè pou montre Long Island devan lemonn antye. Nou gen anpil bagay isit la – soti nan teren gòlf enkwayab ak istwa rich rive nan fwidmè san parèy ak diven klas mondyal – epi evènman sa a se seri pafè a pou mete aksan sou tout bagay sa yo. Yo rekonèt Ryder Cup la pou

prezantasyon pi bon jwè gòlf nan mond lan, ansanm ak fanatik ki pi pasyone yo, e antanke yon rezidan Long Island, mwen pa t ka pi fyè pou m akeyi yo tout pou yo eksperimante tout bagay nan rejyon nou an."

Youn nan pi gwo moman Fan Zone evènman se "New York State of Play", prezante pa I LOVE NY, New York State Parks, ak Taste NY. Vitrin sa a pral mete aksan sou touris ak agrikilti nan Eta Nouyòk, pou envite espektatè yo dekouvri atraksyon eta a ki nan nivo mondyal pandan y ap goute manje ak bwason selèb li yo. Eksperyans lan prezante yon seleksyon wotasyon ki soti nan plis pase 60 etablisman diven Taste NY, brasri atizanal, sid ak pwodiktè manje ki soti Long Island ak atravè eta a, avèk òf ki varye ant kafe ak pwodui boulanjri rive nan chokola e menm zuit. Fanatik yo ap gen chans tou pou yo genyen pri epi pou yo pran yon foto ak "pano avètisman" anblematik Bethpage Black la.

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Se mèveye pou nou gen Taste NY ki tounen nan Pak Eta Bethpage pou Ryder Cup la, sa bay fèm nou yo ak biznis manje ak bwason nou yo opòtinite pou montre pwodwi inik yo bay plizyè santèn milye moun. Plizyè douzèn pwodiktè pral patisipe pandan tounwa a, epi nou ankouraje fanatik yo pou vizite tant 'New York State of Play' la, dekouvri destinasyon touristik Nouyòk yo epi goute sa ki fè kominote l fèm ak agrikòl Nouyòk la tèlman espesyal."

Sharon Wyman, Direktè Operasyon Discover Long Island, te deklare, "Ryder Cup la se youn nan evènman espòtif ki pi prestijye nan mond lan e òganize li nan Bethpage Black se yon opòtinite enkwayab pou mete yon pwojektè sou Long Island an antye atravè lemond. Kantite fanatik, jwè ak medya yo pral gen yon enpak ekonomik fòmidab pou otèl, restoran, atraksyon ak ti biznis nan rejyon nou an. Nou kontan anpil pou nou akeyi vizitè sa yo epi montre poukisa Long Island se pa sèlman yon destinasyon gòlf premye klas, men tou yon kote inoubliyab pou eksplore pandan tout ane a."

Ryder Cup la se yon spektak mondyal, yo difize l nan 200 peyi pou plis pase mwatye yon milya kay, avèk 1,000 reprezantan medya sou plas. Pwogram ki dire yon semèn nan gen ladan l yon tounwa selebrite, yon konpetisyon jinyò, tou antredman an ekip, ak seremoni ouvèti a jedi 25 septanm, ki pral mennen nan twa jou match. Fanatik yo soti nan tout 50 eta yo epi yo atann plis pase 45 peyi pou konvèje sou Bethpage Black pou temwen aksyon an. Ryder Cup la gen senk match ki dewoule pandan twa jou ant de ekip 12 manm ki soti nan Etazini ak yon lòt ki soti an Ewòp. Konpetisyon an chanje kote chak dezan ant sit ameriken ak ewopeyen yo.

Konsènan PGA of America
PGA of America, fonde nan Eta Nouyòk, se youn nan pi gwo òganizasyon espòtif nan mond lan, ak prèske 29,000 pwofesyonèl ki travay chak jou pou ogmante enterè ak patisipasyon nan jwèt gòlf la. Pou plis enfòmasyon sou PGA of America, vizite PGA.org, swiv @PGA sou Twitter, epi jwenn nou sou Facebook.

Konsènan Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik nan Eta Nouyòk

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, epi li akeyi plis pase 88 milyon vizitè chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite parks.ny.gov, telechaje aplikasyon NY State Parks Explorer la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Konekte avèk nou sou Facebook, Instagram, X, LinkedIn, Blòg OPRHP oswa atravè Sal Laprès OPRHP la.

Enfòmasyon sou Empire State Development
Empire State Development se ajans prensipal devlopman ekonomik Nouyòk la, epi li ankouraje kwasans biznis, kreyasyon djòb, ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè eta a. Ak biwo nan chak nan 10 rejyon eta a, ESD sipèvize Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) yo, sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv demen an atravè Biwo Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development). Ajans lan angaje ak endistri k ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semi-kondiktè k ap grandi nan Eta Nouyòk, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo grandi ak reyisi, epi ankouraje destinasyon touris klas mondyal yo atravè I LOVE NY. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite esd.ny.gov, epi konekte ak ESD sou LinkedIn, Facebook ak X.

Enfòmasyon sou Taste NY
Inistativ Taste NY la, ki te kreye an 2013, mete aksan sou kalite, divèsite ak enpak ekonomik manje ak bwason ki kiltive, pwodui, oswa trete nan Eta Nouyòk. Taste NY vize kreye nouvo opòtinite pou pwodiktè yo atravè evènman yo, plas vant detay, ak patenarya, tankou Gran Fwa Eta Nouyòk la (Great New York State Fair) ak Ekspozisyon Entènasyonal Sèvis Restoran ak Manje a. Pandan 10 ane ki pase yo, Taste NY yo te sipòte apeprè 2,000 pwodiktè manje ak bwason k ap patisipe yo nan pwogram lan atravè pwen vant an detay, evènman, ak parenaj. Biznis pwodwi alimantè ak bwason Taste NY yo te sipòte kiltivatè Eta yo tou lè yo te itilize engredyan ki kiltive nan Nouyòk yo nan pwodwi yo. Pou jwenn yon lis konplè lokal Taste NY, lè operasyon yo ak enfòmasyon kontak, vizite sit sit entènèt Teste NY la. Konekte ak Taste NY sou Facebook, Twitter, ak Instagram.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU